**दिन–शुक्र** **दिनांक–22.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय जनता दल अपन चारि आओर उम्मीदवार सभक घोषणा कऽ देलक। राजद पाटलिपुत्र सँ मीसा भारती, उजियारपुर सँ आलोक मेहता, बांका सँ जयप्रकाश यादव आ मुंगेर सँ अशोक महतो के पत्नी अनीता महतो के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। पटना मे राजद प्रमुख लालू प्रसाद एहि प्रत्याशी सभ के पार्टीक सिम्बॉल दऽ देलनि अछि। पार्टी एहि सँ पहिने लोकसभा चुनावक लेल छओ उम्मीदवारक नाम घोषित कयने छल। एहि मे गया सँ कुमार सर्वजीत, नवादा सँ श्रवण कुमार कुशवाहा, जमुई सँ अर्चना रविदास, औरंगाबाद सँ अभय कुशवाहा, बक्सर सँ सुधाकर सिंह आ जहानाबाद सँ सुरेन्द्र यादव के उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। एम्हर, सीपीआई बेगूसराय लोकसभा सीट सँ अपन उम्मीदवारक घोषणा कऽ देलक अछि। पटना मे राष्ट्रीय महासचिव डी. राजा जनौलनि जे अवधेश कुमार राय बेगूसराय सँ पार्टीक उम्मीदवार होयताह।

---

औरंगाबाद लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र सँ राजद प्रत्याशी अभय कुशवाहा के विरूद्ध आदर्श आचार संहिताक उल्लंघनक आरोप मे मोकदमा दर्ज कयल गेल। राजद प्रत्याशी पर शहर मे कतेको वाहनक संग जुलूस निकालबा आ नारेबाजीक आरोप मे नगर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

---

आम चुनाव के ध्यान मे रखैत निर्वाचन आयोग भ्रामक सूचनाक चुनौती सभ सँ निबटबाक लेल पूरा तरहें तैयार अछि। आयोग सभ हितधारक के भ्रामक सूचना आ एकरा प्रसारित करयवला लोकसभक विरूद्ध सतर्क रहबा आ जिम्मेदारीक संग व्यवहार करबाक निर्देश देलक अछि। आयोग जनौलक जे कोनो प्रकारक भ्रामक सूचनाक प्रसार करबा सँ पहिने राजनीतिक पार्टी सभ के ओकर जाँच कऽ लेबाक चाही।

---

सुपौल जिला मे बकौर आ मधुबनी जिलाक भेजा के मध्य कोसी नदी पर बनि रहल देशक सभ सँ नम्हर पुलक गर्डर खसि जयबा सँ एक मजदूरक मृत्यु भऽ गेल। दुर्घटना मे दस मजदूर घायल भऽ गेलाह अछि। जिलाधिकारी कौशल कुमार जनौलनि जे मौका पर राहत आ बचाव कार्य जारी अछि। घायल सभक स्थानीय अस्पताल मे इलाज चलि रहल अछि। सभक स्थिति खतरा सँ बाहर अछि। ओ जनौलनि जे मृतकक परिजन के दस लाख टाकाक मोआविजा राशि देल जायत। संगहि, घायल सभ के एक–एक लाख टाका देल जायत। जिलाधिकारी जनौलनि जे पुल ध्वस्त होयबाक मामिलाक जांच तीन सदस्यीय केन्द्रीय टीम करत। ओ जनौलनि जे नव दिल्ली सँ ई जांच टीम आई सुपौल पहुंचि रहल अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा एहि घटनाक लेल खेद जतबैत कहलनि जे मामिलाक उच्च स्तरीय जाँच कयल जायत।

———————————————————————

बिहार आइ अपन एक सय बारहम स्थापना दिवस मना रहल अछि। आजुक दिन उन्नैस सय बारह मे बंगाल सँ भिन्न कऽ बिहार राज्यक गठन कयल गेल छल। अपन अमूल्य सांस्कृतिक धरोहर आ ऐतिहासिक विरासतक कारणे बिहारक पहचान एक एहेन राज्यक रूप मे भऽ रहल अछि जे सदति सँ देश के नव राह देखौलक। बिहारक इतिहास कमोबेस मानव सभ्यताक इतिहास मानल जाइत अछि जे पूरा विश्व के लोकतंत्रक अवधारणा सँ परिचित करौलक। राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति आ प्रधानमंत्री स्थापना दिवस पर बिहारवासी सभ के बधाई देलनि अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे बिहार भारतीय संस्कृति आ शिक्षाक ऐतिहासिक केन्द्र रहल अछि। ओ कहलनि जे बिहारक लोक अपन दृढ़ता, कर्तव्य परायणता आ बलिदानक लेल जानल जाइत छथि। ओ बिहार के सदति विकासक पथ पर आगाँ बढैत रहबाक कामना कयलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे बिहार अपन सांस्कृतिक विरासत आ विशालताक लेल विश्व मे अलग पहचान रखैत अछि। श्री मोदी विश्वास जतबैत कहलनि जे राज्यक कठिन परिश्रमी आ प्रतिभाशाली लोक सभ भारत के विकसित आ आत्मनिर्भर बनेबा मे महत्वपूर्ण योगदान करए जा रहल छथि। बिहार दिवसक अवसर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रदेशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे राज्यवासी सभ सँ बिहारक गौरव के अक्षुण्ण रखैत राज्य आ देशक प्रगति मे योगदान देबाक अपील कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे विश्व मे राज्यक उज्ज्वल भविष्यक निर्माणक संकल्प दोहरौलनि। एम्हर, आदर्श आचार संहिता के देखैत बिहार दिवस पर राज्य स्तरीय कार्यक्रम आयोजित नहि कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

पश्चिम विक्षोभक कारणे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पूर्वी भागक कतेको स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कटिहारक अमदाबाद मे सभ सँ बेसी बियालीस मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि, बक्सरक चौसा मे छब्बीस दशमलव आठ, अररियाक जोकीहाट मे चौबीस दशमलव आठ आ कटिहार मे सोलह मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान सुपौल, अररिया, किशनगंज कटिहार आ औरंगाबाद जिलाक किछु स्थान पर तेज हवाक संग वर्षाक अलर्ट जारी कयलक

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।